# Kijan li fonksyone?



1 **Enskri** Ou kapab siyen lè ou ale nan **CareSource.com/IN/plans/medicaid** epi klike *Rekonpans pou Byennèt*. Genyen yon fòmilè enskripsyon ki endike anba chak pwogram rekonpans. Ou kapab enskri tou nan chak lyen sa yo:

- **Babies First:** secureforms.CareSource.com/en/BabiesFirst/in
- **Kids First (Timoun piti yo dabò):** CareSource.com/KidsFirstIN
- **MyHealth:** Ale sou **MyCareSource.com** epi klike sou lyen *MyHealth* lan anba onglè *Sante* a.

2 **Fè Aktivite Sen yo** Afiche pwochèn paj la pou wè kòman ou kapab resevwa divès rekonpans pou chak pwogram.

**Resevwa divès Rekonpans**
Itilize rekonpans ou yo pou jwenn divès atik nan boutik prefere ou yo!

CareSource®

Aprann plis sou avantaj anplis CareSource ap ofri yo. Rele Sèvis Manm yo nan **1-844-607-2829** (TTY: 1-800-743-3333) Lendi – Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m. ET oubyen konsilte **CareSource.com**.

RR2022-IN-MED-M-943428-CRE; Premye Itilizasyon: 04/27/2023
OMPP Apwouve: 05/13/2022
© 2023 CareSource. Tout Dwa Rezève.

# Pwogram Rekonpans yo
## è lavi a bay plis kado




CareSource®

# Sante ou, Rekonpans ou yo

Konplete aktivite sen yo epi resevwa divès rekonpans! Aprann sou pwogram rekonpans nou yo anba:

### Babies First®

Jwenn swen apwopriye a lè ou ansent se pa sèlman bon medikaman, gen rekonpans, tou! Jwenn rekonpans poutèt ou wè founisè ou an pandan ou ansent ak apre tibebe ou a fin fèt.

### Kids First (Timoun piti yo dabò)

Tout timoun yo dwe jwenn sa yo bezwen pou viv yon lavi an sante. Timoun ki nan laj 16 mwa yo rive 17 ane yo kapab resevwa rekonpans pou swen prevantif epi pran vaksen pa yo.

### MyHealth

Adilt ki nan laj 18 ane yo ak sa ki pi gran yo kapab jwenn rekonpans pou swen prevantif, depistaj ak yon vaksen chak ane pou grip.

# Babies First®



**Fanm ansent yo ak ti bebe jiska 15 mwa yo kapab resevwa jiska $200 kòm rekonpans[+].** Tanpri enskri nan pwogram Babies First (Tibebe yo Dabò) a chak fwa ou ansent. Manman ak tibebe ki enskri pou Babies First yo kapab jwenn divès rekonpans poutèt yo fè:

- Yon Depistaj Bezwen Sante (Health Needs Screening, HNS).
- Divès vizit prenatal
- Yon vizit aprè akouchman aprè bebe ou fin fèt
- Vizit byennèt yo
- Yon depistaj plon

*[+]Fanm ansent 18 lane epi ki pi gran yo kapab rejwenn tou pwogram Rekonpans MyHealth la. Fanm ansent 17 ane yo epi ki gen mwens ane yo kapab rejwenn tou pwogram Rekonpans Kids First la.*

# Kids First
## (Timoun piti yo dabò)



**Timoun ki gen laj 16 mwa jiska 17 lane kapab jwenn jiska $50 kòm rekonpans*.** Asire ke chak timoun enskri pou Kids First (Timoun yo Dabò). Yo kapab jwenn rekonpans poutèt:

- Yon Depistaj Bezwen Sante (Health Needs Screening, HNS).
- Vizit pou tcheke byenèy timoun yo
- Egzamen Dantè Woutin yo
- Pran divès vaksinasyon ki rekòmande
- Pran vaksinasyon grip chak ane
- Yon depistaj plon
- E plis!

**Rekonpans yo sijè pou chanje epi kapab varye pa laj, sèks ak bezwen sante. Si ou pa yon manm CareSource ankò, aksè ou genyen ak Pòtay Rekonpans lan pral dezaktive epi nenpòt rekonpans ki pa itilize kapab pa disponib ankò.*

# MyHealth



**Laj adilt 18 ane ak pi gran kapab jwenn divès rekonpans pou divès aktivite sen yo fè.**

- Yon Depistaj Bezwen Sante (Health Needs Screening, HNS).
- Egzamen fizik chak ane
- Egzamen Dantè Woutin yo
- Pran divès vaksinasyon ki rekòmande
- Jwenn divès depistaj kansè prevantif
- Pran vaksinasyon grip chak ane
- Konplete yon vwayaj® sou MyHealth
- E plis!

Manm HHW – Genyen jiska $50 maksimòm an rekonpans chak ane. $50 ou a ta kapab yon konbinezon:

- Jiska $50 nan Rekonpans Byennèt ak Prevansyon
- Jiska $30 dola nan Rekonpans Jesyon Maladi Kwonik
- Jiska $20 nan Rekonpans pou Abandon Tabak ak Konsomasyon Sibstans

Manm HHW – Genyen jiska $300 maksimòm an rekonpans chak ane. $300 ou a ta kapab yon konbinezon:

- Jiska $50 nan Rekonpans Byennèt ak Prevansyon
- Jiska $200 nan Rekonpans Jesyon Maladi Kwonik
- Jiska $200 nan Rekonpans pou Abandon Tabak epi jiska $100 pou Rekonpans Konsomasyon Sibstans.

**Rekonpans yo sijè pou chanje epi kapab varye pa laj, sèks ak bezwen sante. Si ou pa yon manm CareSource ankò, aksè ou genyen ak Pòtay Rekonpans lan pral dezaktive epi nenpòt rekonpans ki pa itilize kapab pa disponib ankò.*

**Nan espas 30 jou aprè enskripsyon pou Babies First (Tibebe Dabò) oubyen Kids First (Timoun yo Dabò), nou pral voye yon Kat Rekonpans CareSource pa lapòs.** Yo ajoute rekonpans yo nan kat ou an ofiramezi w ap fè aktivite sen yo.

Itilize kat OTC ou an nan nenpòt boutik sa yo:

- CVS®
- Dollar General®
- Family Dollar®
- Kroger®
- Rite Aid®
- Walgreens®
- Walmart®

Kisa ou kapab achte avèk kat Rekonpans CareSource ou an:

- Poutèt ak lenjèt pou bebe
- Deodoran ak lwil bebe
- Atik premye swen
- Pat dantifris ak bendebouch
- Pwodwi swen cheve
- Ak plizyè lòt atik sante ak byennèt

Avèk MyHealth, ou kapab itilize rekonpans ou yo pou fè acha sou Boutik Anliy CareSource oubyen chanje yo pou kat kado pou boutik tankou:

- Home Goods®
- iTunes®
- Marshalls®
- Old Navy®
- Panera®
- TJ Maxx®

